

MAKONYE ANODYA NEKUPARADZA ZVIRIMWA MA FALL ARMYWORM - KUDZIVIRIRA ZVIPEMBENENE

Makonye anodya nekuparadza zvirimwa ma fall army worm



- Makonye aya akaipisa anoparadza zvirimwa
- Anoberekana nekukurumidza zvekuti anowanda mukati menguva pfupi
- Anofarira chibage nemhunga-anogona kudya zvirimwa zvinopfuura zana
- Anokonzera kukanganisika kwakanyanya kumashizha nemiguri

Anowaneke kana kuzivikanwa sei



- Anosiya mazai akawanda eruvara rwe gireyi kumativi ose emashizha
- Makonye achangobva kuchochonywa pamashizha
- Makonye eruvara rwegirinhi rwakarerekerera ku bhurawuni aine mitsetse pamuviri wese
- Musoro wacho wakaita kunge Y uye une madododo mana kumucheto kwemuviri

MATANHO EKUDZIVIRIRA ZVIPEMBENENE

1. Kudzivirira



- Dyara nekukasira (nemvura yekutanga) nechinangwa chekuderredza kurasikirwa nekuda kwemakonye aya kana zvipembenene
- Wongorora kana kutarisa zvirimwa kaviri kana katatu pasvondo kuti hazvina zvipembenene kana makonye ema fall army worm here
- Chinangwa ndechekuti tikurumbidze kuona achiri mazai kuitira kuti timapwanye asati ava makonye-ramba uchitarisa kuti mashizha haasi kukanganisika here
- Kurwisa tumbuyu patinotanga kuwona zviratidzo zvekukanganisika kweshizha
- Kukurumidza kuonekwa kwemakonye aya kunogona kubvisa/ kuderredza kudiwa kwekupfapfaidza mishonga

2. Nzira dzekurwisana ne makonye ema fall army worm



- Kana mashizha ari kuratidza kudyiwa kana kuti mukawona mazai kana makonye acho ibvai machimbidza kupfapfaidza mishonga inokurudzirwa kushandiswa mukuuraya makonye aya.
- Pakuparadza makonye ema fall army worm panotoda kushandisa mishonga yakatsaukana pamwechete
- Hapana mushonga unoshanda uri mumwechete kuuraya makonye aya
- Kana ichiwanikwa, shandisai mishonga inouraya zvipembenene inogadzirwa kubva pamuti unonzi mu **neem** kuuraya makonye aya achiri madiki
- Kukurumidza kuona uye kupfapfaidza mishonga inouraya makonye aya zvinobatsira kuderredza njodzi yekurasikirwa nezvirimwa

[Yeuka kuti kukasika kuziva kana kuwona kunoreva kudzivirira nokukurumidza.](#)

3. Kushandisa mishonga yezvipembenene zvisina njodzi




- Tenga mushonga wezvipembenene unokurudzirwa kubva kumutengesi anotengesa zviri pamutemo uye wotevedza nzira dzaunenge waudzwa kuti unoshandisa sei mushonga uyu




- Shandisa zvipfeko zvekuzvidzivirira nazvo (PPE) pakupfapfaidza




- Pfapfaidza mushonga uyu mangwanani kana manheru



- Shandura mushonga wezvipembenene waunoshandisa - shandisa mazuva makumi matatu ega- ega nechinangwa chekudzivirira kuramba kushanda kwemishonga



- Kana zvirimwa zvichiri zvidiki pfapfaidza mushonga kubva muboka rekutanga nemumwe kubva muboka rechipiri kusvika rechina



- Kana zvirimwa zvakura pfapfaidza mushonga kubva muboka rechipiri kusvika pane rechina

Mishonga isina njodzi inouraya makonye anonzi ma Fall Army Worm

* Mishonga yezvipembenene inogara ichigadziridzwa ichashandurwa – nokudaro zvakanosha kuti mubvunze vane hunyanzvi neruzivo vemunzvimbo menyu (vana mudhumeni) kuti vakuudzei mushonga wekushandisa unoenderana nenzvimbo yenyu.

Boka 1	Boka 2	Boka 3	Boka 4
<ul style="list-style-type: none"> •Bulldock G •Decis •Lambda •Vantex 	<ul style="list-style-type: none"> •Super Dash •Blast Super •Emma •Tide •Prove 	<ul style="list-style-type: none"> •Steward •Indoxacarb •Ecoterex 	<ul style="list-style-type: none"> •Coragen •Ampligo •Belt